Гъут Іэдэм ягъэлъапІэ

2-нэ нап.

Къалмыкъхэмрэ адыгэхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр

3-нэ нап.

Амрэлий и ехъулІэныгъэхэр

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№91 (24.685) • 2024 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 30, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

2024

ФокІадэм и 8-м | VII зэхуэсыгъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хах

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эм къыз эритамкІэ

ЕтІуанэ пІалъэми лэжьэну къыхуагъэфэщащ

«Урысей зэкъуэт» партым УФ-м и Президент Путин Владимир хэплъэну къигъэлъэгъуащ щІыналъэщым я Унафэщ Іхъунухэм я щІэхэр. Абы теухуа хъыбар зэбгритыкІащ партым и Совет нэхъыщхьэм и секретарым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Якушев Владимир.

«ЗИ ЦІЭ къитІуа ди лэжьэгъуэр партым и Совет нэхъыщхьэм хэтщ, щыунафэщІ щІыналъэ псоми дзыхь къыщыхуащІ», - къыхигъэщащ Якушевым.

ЕтІуанэ пІалъэкІэ лэжьэну къагъэлъэгъуахэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек. Политикэ парт псоми я жэрдэмхэр наІуэ къащІа нэужь, Путин Владимир къагъэлъэгъуащым я унэцІэхэр щІыналъэхэм я Парламентхэр хэплъэну иригъэхьынущ.

ЦІыхухэм я лъэІуэхэр ягъэзащІэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек я щхьэ Іуэхуэкіэ зыкъыхуэзыгъэзахэм яІущІащ.

ЩІэГЪЭКЪУЭН, гулъытэ хуэныкъуэхэм яцыщт дзэ Іуэху хэхам хэту къулыкъур езыхьэкІхэм я унагъуэхэр. Ахэр Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ дэІэпыкъуэгъу хуейт, фІагъышхуэ зиІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр кьыхуащІэнри хэту. Зыкъыхуэзыгъэзахэм яхэтщ щытыкІэ хьэлъэм къихута бынунагъуэшхуи.

КІуэкІуэ Казбек жиІащ дэтхэнэ зыми зэрахуэфэкІэкІэ зэрызыщІамал зэхуэмыдэхэмкІэ цІыхухэм зэрызыкъытхуагъазэхэм, яІэ гукъеуэхэм дыщыгъуазэщ, зэрыхъуКІи жэуапхэр ядотыж. Ар ди лэжьыгъэм гулъытэ нэхъ зыщыхуэтщІ унэтІыныгъэхэм ящыщщ. ЦІыхухэр зыгъэгумэщІ Іуэхухэр зэфІэхъыным министерствэхэм, ведомствэхэм, щІыпІэ самоуправленхэм я унафэщІхэр къыхьдошэ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Апхуэдэу цІыхухэм къагъэув Іуэхухэм ятеухуауэ щІыналъэм и Іэтащхьэр яхуэзащ Налшык къалэ администрацэм и унафэщІ Ахъуэхъу Таймуразрэ КъБР-м узынщагъэр хъумэныкІэ и министрым и къуэдзэ Кьармэ Маратрэ. ЗэІущІэм щыхэплъащ цІыхухэм фІагъышхуэ зиІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэным, псэупІэ къыщащохуэкІэ я хуитыныгъэхэр хъума хъуным епха упщІэхэм.

КІуэкІуэ Казбек республикэм и цІыхухэм зэрызыкъыхуагъэзахэм япкъ иткІэ дэтхэнэми зыхуэныкъуэ дэІэпыкъуныгъэхэр хабзэм тету хуэзфІагъэхІыну пщэрылъ ящищІащ.

ДэІэпыкъуныгъэм и фІагъым хэхъуэнущ

Гу узыфэхэм щеІэзэ диспансерымрэ Къалэ клиникэ сымаджэщ №1-мрэ зэхагъэхьэжри, ФІагъышхуэ зиІэ медицинэ технологиехэмкІэ унэтІыныгъэ куэду зэхэт клиникэ республикэ центрыр къэунэхуащ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм Іэмал къаритынущ узыфэ зэмылІэужьыгъуэ куэд къахутэнмкІэ, ахэр зыпкърытхэм тэмэму еІэзэнымкІэ.

КъАЛЭ клиникэ сымаджэщ №1-м лъэнтхуэ узыфэхэм я къежьапІэм щеІэзэ къудамэр дяпэкІэ Кардиодиспансерым щылэжьэнущ. Абы ягъэкІуэнущ гу-лъэнтхуэ узыфэхэр, инсультым и нэщэнхэр зиІэ сымаджэхэр. Мы Іуэхущ Іапіэм операцэхэр щегъэкІуэкІыным хуэщІауэ къыщызрагъэпэщ етІуанэ пэш. Ар сыт и лъэныкъуэкІи зэпэщ ящІа нэужь, «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектымкІэ къащохуа ангиограф Іэмэпсымэщ Іэр щІагъэувэнущ. Абы и фІыгъэкІэ рентген кІэлъыплъыныгъэм щІэту операцэ нэхъыбэ ирагъэкІуэкІыфынущ. ЕтІуанэ операцэ пэшыр къыщІызэрагъэпэщым и щхьэусыгъуэр рентгенэндоваскулярнэ Іэмалхэмкіэ зэІэзэн хуей сымаджэхэр чэзум пэмыплъэу нэхъ псынщІэу зыхуэныкъуэ дэІэпыкъуныгъэхэр ягъуэтын папщІэщ. ИрагъэкІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм я фІыгъэкІэ сымаджэхэм хущІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэм зрагъэубгъун папщІэ, Іуэхущ Іапіиті зэхагъэхьэжащ - Гу узыфэхэм щеІэзэ диспансерымрэ Къалэ клиникэ сымаджэщ №1-мрэ, - жиІащ ФІагъышхуэ зиІэ медицинэ технологиехэмкІэ унэтІыныгъэ куэду зэхэт клиникэ республикэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Дохъушокъуэ Герман. - Гу узыфэ лІэужьыгъуэ гуэр фІэкІа зимыІэ сымаджэ щыІэкъым. Абы сытым дежи къыдогъуэгурыкІуэ нэгъуэщІ уз зэмылІэужьыгъуэхэр. Абы ипкъ иткІэ Іуэхущ Іапіитым щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэр сэбэп хъунущ сымаджэм и узыншагъэр унэтІыныгъэ зыбжанэкІэ къэхутэнымкІэ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ центрым къекІуэлІэхэм я узыншагъэр лъэныкъуэ куэдкІэ къапщытэфынущ икІи мыбдеж зыхуэныкъуэ Іэзэгъуэр щагъуэтыфынущ.

ЩХЬэЩэМЫЩІ Изэ.

● Ди хьэщІэхэр

ГъуэгуанэщІэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым махуищкІэ щекІуэкІащ «Кавказым и пшэплъхэр» зыфІаща фестивалыр. Гъуэгу здэщымыІэщІыпІэхэм зыщызыплъыхьыну зыфІэфІхэм я зэхуэсыр мы гъэм Шэрдж районым къыщызэрагъэпэщат. Абы Урысейм и щІыналъэхэм къикІа цІыхуи 160-м щІигъу хэтащ.

ХАБЗЭ дахэ зэрыхъуауэ, Іуэхум зэрыунагъуэу хэтаи къаухкІащ. Ахэр щыізэхуэсащ Къащхьэтау къуажэмэ пэгъунэгъуу, къыдэгъэпэщакІуэхэм Іуэхур зэрекІуэкІыну абдеж щагъэгъуэзащ. Фестивалым хэтхэм я хэщІапІэр Уштулу хуейрат. ЩІыналъэм зэрызыщапІыхьыным и мызакъуэу, зэхьыхьэм кІэрихьэлІахэм папщІэ джэгукІэ гъэщІэгъэунэхэри ягъэхьэзрат. Псалъэм папщІэ, абыхэм къащІэн хуейт Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэхэм, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ теухуауэ зэхагъэува кьуажэхьэр. Бысымхэм къабгъэдэкІ тыгъэхэр иратащ а Іуэхум нэхъ жыджэру хэтахэм.

Фестивалым хэтахэм Іэмал яІащ хьэщІэщхэм е пщыІэхэм щІэсыну. Абыхэм зэпача гъуэгуанэм тхыдэ щІыпІэхэри республикэм и щІыуэпс тельыджэхэри къызэщІрагъэубыдащ. Нэхъ гъэщІэгъэнрати, радиофэрикІэ ахэр едаІуэрт ди щІыналъэм и хьуГъуэфІыгъуэхэм ятеуха хъыбархэм. Ахэр ягъэхьэзращ Урыс географие зэгухьэныгъэм хэт лъахэхутэ Мокаев Тенгизрэ автоспортымкІэ мастерым и кандидат Дзыгъул Владиславрэ.

Апхуэдэуи фестивалым хыхьэу, лъэс зекІуэхэр къызэрагъэпэщащ, зэхьыхьэм хэтахэр лъэпкъ шхыныгъуэхэм хагъэгъуэзащ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, мы Іуэхур къызэрагъэпэщащ «Созидание» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм, «КБР4х4» клубым, «Альтаир» Урыс географие зэгухьэныгъэм и ЩІалэгъуалэ клубым. Абыхэм я Іуэпэкъуэгъуэщ КъБР-м ЗыгъэпсэхупІэхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэмрэ Урысейм и ФСБ-м и гъунапкъэхъумэ Іэнатіэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэмрэ.

БАГЪЭТЫР Луиз.

Хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэм

Налшык къалэм дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм зыщщхьэуІум и 1-м Іуэху дахэ щекІуэкІынущ Махуэшхуэм и щІыхькІэ.

ЗЭХЫХЬЭР сыхьэт 14-м яублэнущ. Ар ягъэдэхэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и уэрэджэщІакІуэ пажэхэмрэ къэфакІуэ гупхэмрэ. Апхуэдэуи адыгэхэм кьадекІуэкІ Іэмэпсымэхэр, лъэпкъ фащэхэр, сурэтыщІ цІэрыІуэхэм я Іэдакъэщ Іэкіхэр абдеж щагъэлъагъэуэнущ. Пшыхь нэужьым адыгэ джэгу ящІынущ. Мы Іуэхум хэтыну гупыж зыщІ псори ирагъэблагъэ я нэгу зрагъэужьыну.

Ди къуэш республикэхэм

Теберда и пщІэр яІэт

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Мишустин Михаил Іэ тридзащ Теберда къалэр федеральнэ мыхьэнэ зиІэ курортхэм яхэгъэхьэныж теухуа унафэм. Апхуэдэ щІыкІэкІэ а щІыпІэр уващ УФ-м и адрей курорт 55-м яхуэдэу къэрал псом и зыгъэпсэхупІэу.***

АУЗ дахэм лъагэу зиІэтауэ дэт курортыр сыт щыгъуи щытащ икІи къонэж цІыхухэр зыІэпызышэу. Мыбы куэд щІауэ йокІуалэ Урысейм и щІыналъэхэм къикІ зыплъыхьакІуэхэр, апхуэдэуи я узыншагъэри щызэфІагъэувэж. ЩІыпІэм щыІэщ уней пансионат, хьэщІэщ куэд. Санаторэхэр илъэс хъурейм мэлажьэ. Теберда щыІэщ Кара-Кель гуэл гъуэзэджэр. Ар къаухъуреихь уэздыгъей абрагъуэхэм. А псомэ я фІыгъэкІэ Теберда къалэм хьэуар гъэм и сыт хуэдэ зэманми щыкъабзэ дыдэщ. Иджы зи гугъу тщІы унафэм иужькІэ мы щІыналъэм Іэмал игъуэтащ нэхъри зиужьыну.

«Дэ дащыпоплъэ Теберда и мызакъуэу, къэрал псом щыцІэрыІуэ Домбай, Архъыз бгы-лыжэ курортхэми зыгъэпсэхуакІуэхэр къэкІуэну. Ди республикэр сыт щыгъуи щогуфыкІ хьэщІэхэм, яфІэфІщ ахэр екІуу кърагъэблэгъэн»,- къыхигъэщащ КъШР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рашид.

Адыгэ кхъуейм и махуэхэр



АДЫГЕЙ. ***ЩІыналъэм и Іэтащхьэ КъумпІыл Мурат зэхуеиэса зэІущІэм щытепсэлъыхьащ адыгэ кхъуейм и къыкІэлъыкІуэ фестивалыр егъэкІуэкІыным егъэщІылІа Іуэхухэм. Абы хэтащ министерствэхэм, нэгъуэщІ къулыкъущІапІэхэм, муниципалитетхэм я унафэщІхэр.***

РЕСПУБЛИКЭМ мэкъумэш ІэнатІэмкІэ и министр Кьуэн Анзаур жиІащ илъэс къэс зэхашэ апхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэр мы гъэм фокІадэм и 7 - 8-хэм зэрытраухуар. Нэгъабэ хуэдэу ар щекІуэкІынур Дахэ хуейрщ.

Республикэм и Іэтащхьэм къызэхуэсасхэм гу лъаригъэтащ мы гъэм зи гугъу тщІы зэхьыхьэм и программэм унэтІыныгъэщІэхэр кІыхьэрыхьхьам. Абыхэм ящыщ зыщ кхъуей хэхькІэ Іэмалхэр щызэІэпах унагъуэхэр гъэлъэпІэныр. Ар хохьэ «Унагъуэм и илъэсым» ехьэлІауэ зэфІах Іуэхухэм. Апхуэдэуи я мурадщ къекІуэлІэнухэм дахэу ягу кьинэжьын хуэдэу я нэгу зрагъэужьыну. Къапщтэмэ, сабийхэм я дежкІэ гъэщІэгъэуну щытынущ лъэпкъым къыдекІуэкІ Іэпщ Іэлъэпщ Іагъэхэм теухуауэ утыку кърахьэнухэр. Хабзэу зэрыуващи, республикэм и дэтхэнэ районми ягъэувынущ адыгэ кхъуей зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ уэздэ Іэнэ гъэщІэрэщІаХэр.

Бэгъэпщ Сергей ягъэлъапІэу



АБХЪАЗ. ***Баскетболым и 3х3 Кубокыр къэхьыныжкІэ зэхьэзэхуэ мыбы щекІуэкІащ республикэм и етІуанэ президент Бэгъэпщ Сергей къызэралъхуэрэ илъэс 75-рэ, къэралым и баскетболыр илъэси 100 зэрырикъум я щІыхькІэ.***

ЦІЫХУХЪУХЭМ я зэхьэзэхуэм щытекІуащ Гагрэ и «Реал Мадрид» командэр, «Гудаутэ» етІуанэщ, ещанэ хъуэхэщ «Крылья Абхазии», «Спартак» гупхэр. ТекІуахэмрэ кьахэжаныкІахэмрэ саугъэтхэр иратащ.

Зэхьэзэхуэр къызэрагъэпэщащ Абхъазым ЩІалэгъуалэмрэ спортымрэ я Іуэхухэмкіэ и къэрал комитетымрэ АР-м Баскетболымкіэ и федерацэмрэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Ди газетыр къезыгъэхьхэм папщІэ

2024 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм щІэджыкІакІуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - ар къевгъэхьын папщІ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ Іапіэми.

Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:
унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 748-рэ кІэлІейкІэ 30-рэ;
фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 678-рэ кІэлІейкІэ 55-рэ.

Ди индексыр П5894

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къыщыхэзгъэпэщынымкІэ Іэухухэр зэригъэуІуу зэпымыууэ щылажьэ зэхьихьэм хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм мазаем и 27-м къыдигъэкІа Указ №15-УГ-мкІэ къащтам зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къыщыхэзгъэпэщынымкІэ Іэухухэр зэригъэуІуу зэпымыууэ щылажьэ зэхьихьэм хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къыщыхэзгъэпэщынымкІэ Іэухухэр зэригъэуІуу зэпымыууэ щылажьэ зэхьихьэм хэтхэр къэщтэныр и Іуэхукіэ» 2020 гъэм мазаем и 27-м къыдигъэкІа Указ №15-УГ-мкІэ щІэтэбыдам мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Іэухухэр зэзыгъэуІу зэхьихьэм мы къэкІуэнухэр зэхъуэхьэн:

Демидов А. А. - Тезырхэр егъэпшынымкІэ федеральнэ Іэнатіэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ и къудамэм и унафэщІыр *(зэрызэгурыІуам тету)*

Крючков В. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ Іэухухэмкіэ и министрыр *(зэрызэгурыІуам тету)*

Мысостышхуэ М. Хь. - Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іэухухэмкіэ и министерствэм транспортым щиІэ Налшык линэ къудамэм и унафэщІыр *(зэрызэгурыІуам тету)*

Семериков И. В. - «Урысей Федерацэм ШынагъуэнщагъэмкІэ и федеральнэ Іэнатіэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ гъунапкъэ управленэ» федеральнэ къэрал кІэзонэ Іэухущіапіэм и унафэщІыр *(зэрызэгурыІуам тету)*;

б) **Къуэшырокъуэ З. Къ.** и кІуалыкъур мыпхуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министр»;

в) Іэухухэр зэзыгъэуІу зэхьихьэм хэгъэкІын Жанджэрий Хь. Хь., Ковалев М. В., Муртазов Б. С., Павлов А. Л., Павлов В. П. сымэ.

2. Мы Указым къару егъэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2024 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м
№ 59-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм мазаем и 26-м къыдигъэкІа Указ №13-УГ-мкІэ къащтам зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм мазаем и 26-м «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым хэтхэр къащтэным и Іуэхукіэ» къыдигъэкІа Указ №13-УГ-мкІэ щІэтэбыдам мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым мы къэкІуэнухэр хэгъэкІын:

Демидов А. А. -Тезырхэр егъэпшынымкІэ федеральнэ Іэнатіэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмкіэ и къудамэм и унафэщІыр (зэрызэгурыІуам тету)

Крючков В. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ Іэухухэмкіэ и министрыр *(зэрызэгурыІуам тету)*;

б) **Къуэшырокъуэ З. Къ.** и кІуалыкъур мыпхуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министр»;

в) Советым хэгъэкІын Ковалев М. В., Павлов В. П.

2. Мы Указым къару егъэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2024 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м
№58-УГ

● УФСБ-м къет

ИлъэсипщІым щІигъукІэ ягъэтІысащ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м я лэжьакІуэхэм, наркотикхэкІхэр хабзэнщагъэкІэ игъэкІыным пэщІэт Іэухухэр ирагъэкІуэкІыу къыззэпаудащ Нарткъалэ щыпсэухэу илъэс 28-рэ зи ныбжь ЗэшэкІуу Р.А., илъэс 27-рэ хьу Борыкъуей Б. Н. зэрахьэ щІэпхъаджагъэр. Абыхэм къытрахащ «героин» наркотикхэкІ грамм 49-м щІигъу.

АРУАН район судым и унафэ къару зыгъэтам илкъ иткІэ, ахэр къэуаншэу къалэитащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 5-нэ Іыхьэм, 228.1-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм «Г» пунктым къыщыхьа щІэпхъаджагъэхэр зэралажьам къыхэкІыу. Зэшэкіуу Р. А. илъэси 10-рэ мазитІрэ, Борыкъуей Б. Н. илъэси 10-рэ мазихрэ тралъхьащ тезырыр тКІийуэ щрахьэкІ колонием щагъэкІуэну.

УАРДЭ Жантинэ.

● Пшыхьхэр

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтым бадзэуэгъуэм и 26-м щекІуэкІащ «Национальное словесное искусство: итоги и перспективы изучения» щІэныгъэ конференцыр. Ар къыдэхъугъэпэщащ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щыІэх зиІэ и лэжьакІуэ, институтым адыгэ Іуэрыіуатэмкіэ и къудамэм и щІэныгъэлІ нэхъыщхьэ Гъут Іэдэм и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъум и щыхькІэ.

ЗэІУЩІЭР щекІуэкІа пэшым щагъэуват Гъут Іэдэм къыдигъэкІа щІэныгъэ лэжьыгъэхэр щыІэзэхьэса тхыльэр зытелъ дапхъэ.

Зэхьихьэр иригъэкІуэкІащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтым и унафэщІ, тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор Дзэмыхь Къасболэт. Гъут Іэдэм и лэжьыгъэхэм я гугъу щищІым, абы къыхэгъэщащ илъэс 50-м щІигъуэ ар институтым зэрыщылажьэр, ди республикэм и мызакъуэу къэралым и щІыналъэ къудым къызэрыщащІыхьэр. Іэпкъ Іуэрыіуатэм теухуа щІэныгъэ лэжьыгъэ 300-м щІигъу зэритхар, Къэбэрдей-Балъкъэрым нэмыщІ, и тхылъхэр Абхъазым, Тбилиси, Сириием, Македониэ Ищхъэрэм, Ереван, нэгъуэщІ щІыпІэхэм къызэрыщыдэкІар, щІыналъэ къудым къыщыдэкІ жылагъуэ-политикэ, литературэ, щІэныгъэ журналхэм я редколлегиехэм зэрызэтар. Гъутым и унафэм щІэту я кандидат, доктор лэжьыгъэхэр аспирант пщІы бжыгъэхэм пхагъэкІащ. Абы и унафэм ноби щІэтщ Іэпкъ литературэрэ Іуэрыіуатэмкіэ Шортэн Аскэрбий и школыр. Дзэмыхьым къыхигъэщащ Гъут Іэдэм и лэжьыгъэхэр къызэрыльтари. Абы къыхуагъэфэщащ УФ-м щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и министерствэм и «Почётный наставник» дамыгъэр, щІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и Президиумым, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, жылагъуэ Іэухущіапіэхэм я щІыхь тхыльхэр.

Адыгэ хабзэм тет щІэныгъэлІ, егъэджакІуэ, къыззгъэпэщащІу Іэкіуэльакіуэм щІэныгъэм хэлъхьэныгъэфІхэр зэрыхуищІыр, адыгэ тхыдэр, щэнхабзэр, Іуэрыіуатэр зыхихьхьэ щымыІэу ф1ыІуэ зэрильаГуР, жылагъуэм, республикэм ещ имыщІэу зэрыхуэпажьэр, зэгуфІ щІэныгъэм щыпхиша лъагГуэр щІалэгъуалэм ф1уаэз зэрахуэхъур къыхихигъащ Къасболэт.

Дзэмыхьыр къеджащ Гъут Іэдэм къыщалъхуа махуэм ирихьэлІэу и лэжьэгГуэмрэ ныбжьэгГуэмрэ зэрэзыкъыхуагъазэ зхуэхъу тхыгъэхэм. Іэдэм и лэжьэгГуэм я хъуэхъум къыхагГэщащ дэтхэнэми гулъытэ зэрахуищІыр гуапэ зэращыхьу, абы и зэфІэкІхэм зэрыригушхэр, узыншагъэ Быдзэрэ дзэрэжьГуэрэ ирагъэкІуэкІ

Ислъамым и нур

ФІыгъуэ мылъытэ

КъурІэн лъапІэм и сурэ щхьэхуэхэм къадэкІуэ фІыгъуэр, ущІэгъуэавэ Іуэхугъуэм елъытауэ, дэІэпыкъуэгъу зэрызыхэлщІыфыну щІыкІэм фІыщыдогъэгъуазэ. Нобэ апэ ит сурэ 23-м епхахэм щыгъуазэ фыдощІ, адэкІи къыпитщэнщ.

«ФАТИХЪЭ» сурэр зэчыр папщІэу къэзыгъэсобэп цІыхУм дунеягъэкІи аХрэткІи зыщІэлъэлу псори Алыхьталэм къыхуищІэнущ. Дауи, ар къыщІохъулІэнур Іуэхум гу къабзэкІэ, Алыхьталэм иФІ къызэрокІынум щэн къытумыхьэу убгъэдыхьэмэщ.

«Іэл-Бакъэрэ» сурэм къеджэр щхъуэ зезыхьэхэм я зэраным щІыхъума хъунущ.

«Іэл-Іимран» сурэм щэ къеджэм и мылъкур къызэдкІыр имыщІэу бзгъуэнущ, и щІыхъуэхэри тыншу ипшынжьынущ.

«Іэн-Ниса» сурэм зэщхьэгъусэтІыр, уеблэмэ тІум я зыр къеджэмэ, я унагъуэм зэгурыІуэ илъынущ.

«Іэл-МаИидэ» сурэм 40-рэ къеджэм пщІэ, мылъку, ерыскъы берычэт игъэтынущ.

«Іэл-Іанхьам» сурэм 41-рэ къеджэм и гъэзыгр Алыхьым фІы псоми хуэзІуихынущ. Апхуэдэ щІыхум и щІыкІэр еФІэкІуэнущ, и Іуэхуэр зэхэзэрыхьамэ, зэтеуВэжынущ, и бийхэм къыкІэлъыІэрахьэ Іей псоми кьригъэлынущ.

«Іэ-Іэхьраф» сурэм къеджэр ахърэт хьэзабхэм щыхъума хъунущ.

«Іэл-Іанфал» сурэм 7-рэ къырыреджэ лажьэ имыІэу лъэхъуэщым ирадза щІыхур. Ар хуит къащІыжынущ, лей псоми щыхъума хъунущ.

И гуныкъуэгъуэ псори щхьэщыкІынущ «Іэт-Тэубэ» сурэм 17-рэ къеджэм. Абдежи къыщІынынэу, дыгъуэзмрэ щІыху зэрыщхьэхуэ къабзэу, хьэлэлми щІыхур щІыхуэ зэщІыжъ узынщагъэр, ар езыгъэфІакІуэ щІэныгъэр, хьэл дахэр къыдэкІуэу апхуэдэщ.

ДИ ХЪУРЕЯГЪШМ зыщытплъыхьэ, «цІыху пэжкІэ» дызэджэхэр хьэлэлым хэпсэуэкІэу, ядекІуэкІыгъуэфІэу, езыхэри цІыхуфІу къыщІокІ.

Іимамышухэ Іэс-Саурий жиІэрт: «Хьэлэл фІэкІа зыІуВмыгъэхуэныр хьэлэл зыщыфІщІыж, хьэрэмым зыщыздзэй. Си щхьэкІэ ерыскъы хьэлэл сІухуауэ БХурІэным щыщ зы Іэят седжэ хьумэ, щІэныгъэм и кузбжэ 70 къысхуэзІуокІ. Алыхьым фІэмыслІкІ гуэрым и шхын зэгуэрым сІухуати, дапщэрэ тхыпІъ семыджами, щІэныгъэм и кузбжэм зызэхущІыжауэ къыщІэкІащ».

Іэбу Шазилий щІэныгъэлІым и псалъэу къаІуэтэж: «Хьэлэл фІэкІа зымышхьи и гур щабэу, нэху щыІу мэхъу. Апхуэдэм и жейр егъэмащІэ, Алыхьталэми пІэщІэ хъуркъым. Хьэрэм зышхьи и гур быдэ мэхъу, кІыфІрэ нэху иримыдзэжу, езыри Алыхьталэм дежкІэ мыплъэжу. Апхуэдэм и жейр кІыхь мэхъу, сыту жыпІэмэ, хьэрэм зэриштхам ар гуэныхьым ирехулІэ, и Іэпкъ лъапкъым и зы пкъыгъуэ къэс гуэныхь ищІэну къыхегъэзыхь. ГущІэгъу зыхэлъ Алыхьталэм ар къыщІимыгъэщІын щхьэкІэ, жейм ирегъэубыдри, гуэныхьым щеХуэмэ. Апхуэдэ дыдэу езым къедаІуэ и пщылІм хьэлэл ирегъэшх, махуэми жэщми и пащхьэм къызэриувэн къару иІэн щхьэкІэ».

Іэбу Шазилий щІэныгъэлІым и псалъэу къаІуэтэж: «Хьэлэл фІэкІа зымышхьи и гур щабэу, нэху щыІу мэхъу. Апхуэдэм и жейр егъэмащІэ, Алыхьталэми пІэщІэ хъуркъым. Хьэрэм зышхьи и гур быдэ мэхъу, кІыфІрэ нэху иримыдзэжу, езыри Алыхьталэм дежкІэ мыплъэжу. Апхуэдэм и жейр кІыхь мэхъу, сыту жыпІэмэ, хьэрэм зэриштхам ар гуэныхьым ирехулІэ, и Іэпкъ лъапкъым и зы пкъыгъуэ къэс гуэныхь ищІэну къыхегъэзыхь. ГущІэгъу зыхэлъ Алыхьталэм ар къыщІимыгъэщІын щхьэкІэ, жейм ирегъэубыдри, гуэныхьым щеХуэмэ. Апхуэдэ дыдэу езым къедаІуэ и пщылІм хьэлэл ирегъэшх, махуэми жэщми и пащхьэм къызэриувэн къару иІэн щхьэкІэ».

Гъунэгъу нэпсейм къыщыщІар

Бегъымбар лъапІэу щэлатымрэ сэламырэ зэхам и зэманым Іэбу Джунат жаІэри лІы гуэр псэуащ. Пщэдджыжь нэмэзыр ирихуа нэужь, ар зыщІыпІэ зэрыпІащІэр нэрылъагъуу, уеблэмэ ЛІыкІуэ лъапІэм и духэр имыух щІыкІэ, мэжджытым щІэжьыжьырти, унэм кІуэжьыр.

ЗЭГУЭРЫМ, щэлатымрэ сэламымрэ зэхар Іэбу Джунат еупщІащ: «Уэ Алыхьым уэзрелъэІри зыри уиІэкъэ?» «СиІэщ!» - къуратащ жуаП. «Сыт-тІэ духьэр и кІэм нэсыху ущІыщІэмысыр?» «Сэ щхьэусыгъуэ сиІэщ, Алыхьым и ЛІыкІуэ лъапІэІ» - жиІащ Іэбу Джунат. «Сыт уи щхьэусыгъуэр?» «Си унэм къыбгъэдэт пщІантІэм хьурмей жыг дэтщи, абы и къудамэхэр си пщІантІэм къыщхьэдох. Жьапщэ хьумэ, хьурмэхэр къыполъэлъри, си пщІантІэм къыдолъалъэ, си сабийхэм ахэр къащыпуръэ яшх. Араши, сопІащІэ ахэр сабийхэм яІэрымыихэ щІыкІэ хъэсщыпІыжу, зейм естыжьын папщІэ. Зэгуэрым си къуэм хьурмэ жьэдилтхьаеуэ сльэгъуати, къыжьэдэсжьыну сыхунэсащ: «Уа си щІалэ, уи адэм и напэр Къемэт Махуэм тумых!» жьысІэри. Езыр мэжалІэрти, гъащ. «Си псэр хэкІа пащІэ, уи джийм хьэрэм ебгъэхыу здэнуКъым», - жесІэри, ари адрей хьурмэхэм я гъусэу гъунэгъум естыжащ».

Ар зэрызэхихыу, Бегъымбар лъапІэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и нэхэм нэпс къытелъэдащ. Гъунэгъум и цІэм щыщІэупщІэм, ар фэрыщІу къалъытэхэм яэу къыщІэкІащ. ЛІыкІуэ лъапІэм къриджащ Іэбу Джунат и гъунэгъур. «Уи пщІантІэм дэт хьурмейр къызэщэ. Абы и пІэкІэ жэнэтым ит жыгипщІ, дэтхэнэ зыми и лъабжьэр гуплъу, я лъэдийхэр дыщэу, къудамэхэр налкъут хужьу, хьурмэуэ пытым хуэдиз хур хъыджэбз къепщІэлъауэ ЗэгуэрщІым идакъым: «Сэ сысатуущІэкъым, пІалъэдэкІмэ, къызэтыжьну мыльхукІэ си хьэпшыпыр сщэуэ. Ахъшэ ІэрылъхьэкІэ фІэкІа, сыкъызэрагугъакІэ сщэнукъым». Абдежым Іэбу Бэкр къыщІилъэтащ: «Мопхуэдэ щІыпІэм деж щыт хьурмей жыгипщІкІэ сэ сыкъэщэ, абыхэм яхуэгъэз-дзи Мадинэ къалэ псом дэткъым». ФэрыщІыр къэгуфІэри: «УэсщакІэщ», - жиІащ. Іэбу Бэкри: «ХъэсщэхуакІэщ», - жиІащ.

А псор зи нэгу щІэкІа Бегъымбар лъапІэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам жиІащ: «ХьуэжьыкІафІэ уэзрыхьунумкІэ укъызозгъэгуГэ, Іэбу Бакр». Абдежым Тхъэр арэзы зыхуэхъунхуэ Іэбу Бакри Іэбу Джунэти гуфІащ, фэрыщІми, и унэм кІуэжауэ, и щхьэгъусэм зыхуигъэщІагъэрт: «А жыгипщІри къысІэрыхьащ, мо жыгри ди пщІантІэм къыдэнащи, зыри едмытыну аращ абы щыщу гъунэгъум».

ПщэдджыжьІум нэху къокІэри, Абы-хьым и къарукІэ фэрыщІым и жыгыр Іэбу Джунэт и пщІантІэм къыдэхутауэ къыщІэкІащ, игъащІэ лъандэм абдежым итам хуэдэу. Ари Бегъымбар лъапІэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам далъэгъуа тельыджэхэм ящщ.

ШыщхьэуІум и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи лъэІукІэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, махуэку	03.23	04.55	12.22	16.18	19.31	21.21
2, мэрем	03.24	04.56	12.22	16.18	19.29	21.19
3, щэбэт	03.26	04.58	12.22	16.17	19.28	21.18
4, тхъэмахуэ	03.27	04.59	12.22	16.17	19.27	21.17
5, блыщхьэ	03.29	05.00	12.22	16.16	19.26	21.16
6, гъубж	03.30	05.01	12.22	16.15	19.24	21.14
7, бэрэжьей	03.32	05.02	12.22	16.15	19.23	21.13
8, махуэку	03.33	05.03	12.21	16.14	19.21	21.11
9, мэрем	03.34	05.04	12.21	16.14	19.20	21.10
10, щэбэт	03.35	05.05	12.21	16.13	19.19	21.09
11, тхъэмахуэ	03.36	05.06	12.21	16.12	19.17	21.07
12, блыщхьэ	03.37	05.07	12.21	16.12	19.16	21.06
13, гъубж	03.39	05.09	12.21	16.11	19.14	21.04
14, бэрэжьей	03.40	05.10	12.20	16.10	19.13	21.03
15, махуэку	03.41	05.11	12.20	16.09	19.11	21.01
16, мэрем	03.42	05.12	12.20	16.09	19.10	21.00
17, щэбэт	03.43	05.13	12.20	16.08	19.08	20.58
18, тхъэмахуэ	03.44	05.14	12.20	16.07	19.07	20.56
19, блыщхьэ	03.45	05.15	12.19	16.06	19.05	20.54
20, гъубж	03.46	05.16	12.19	16.05	19.03	20.52
21, бэрэжьей	03.47	05.17	12.19	16.05	19.02	20.50
22, махуэку	03.49	05.19	12.19	16.04	19.00	20.48
23, мэрем	03.50	05.20	12.18	16.03	18.58	20.46
24, щэбэт	03.51	05.21	12.18	16.02	18.57	20.44
25, тхъэмахуэ	03.52	05.22	12.18	16.01	18.55	20.42
26, блыщхьэ	03.53	05.23	12.17	16.00	18.53	20.40
27, гъубж	03.54	05.24	12.17	15.59	18.52	20.38
28, бэрэжьей	03.55	05.25	12.17	15.58	18.50	20.36
29, махуэку	03.56	05.26	12.17	15.57	18.48	20.34
30, мэрем	03.58	05.28	12.16	15.56	18.47	20.32
31, щэбэт	03.59	05.29	12.16	15.55	18.45	20.30

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Іуэхущ Іапі эм къыдитащ.

Зыгъэхьэзырар ЧЭРИМ Марианнэщ.

ТхакІуэхэмрэ хытІыгухэмрэ

Адыгэхэм шузекІуэ жьхуаІэм ещхьыркъабзэу, хьишхуэхэр зыпэрыгъэгъу лъэпкъэм дуней ещхь къызэхакІуэ къекІуэкІащ, «хызекІуэ» екъэрт жьытІэкІи, дыщымыуэну. Ящу дунейр къызэхэкІухьын щІэзыдзахэм я лъэмбым иту къэунэхуащ абыхэм зэпачэ гъэгъуанэм тету художественнэ тхыгъэхэр зи Іэдакъэм къыщІэкІахэри.

«ЩІЫМ ихъуреягъкІэ» журналым зэритхыжамкІэ, «Дунейкъутэжым хиубыда кхъухьым теухуа таурыхъыр» хызекІуэ екъэхэм я гъэзыгуанэмрэ ахэр зыІууа къэхъуькъащІэхэмрэ ятеухуауэ апэу дунейм къытехьа тхылъщ. Ар зи щІэр ямыщІэ тхакІуэм ипэ ита эрэм и XX - XVII лІэщІыгъуэм Мысырым щитхауэ щытащ. Абы къыщыхьа щІыпІэр Мысырым щыпсэуэхэм географие и лъэныкъуэкІэ хакъутакІэу щытт. Таурыхъым и лІыхъужьыр кхъухькІэ хуэ Плъыжьым тету гъуапІэ куэду здэщыІэ лъэхэ мыщІыхум къыщІохутэ... ИпэжьпІэкІэ жьпІэмэ, апхуэдэ щІыпІэхэр я лъэхъэнэм къыщагъэотат Синай хьытІыгуныкъуэм икІи абы кІуэ гъэзыгр щІыхуэхэм пхашакІэт. Робинзонхэр кхъэхыщ апхуэдэ тхыгъэ дыдэ - «Симплицисимус» - 1669 гъэм и Іэдакъэм къыщІэкІащ Ганс Якоб Гриммельсгаузен. Ар Мысырым португал кхъухьым щотІысхьэри, Европэм макІуэ, хы КурытымкІэ мыхьуу, Африкэм ихъуреягъым къыпикІухьу. Индие хыщхъэм нэсауэ ар хым и къэукъубиигъуэ шынагъуэм хохуэри, зэрыс кхъухьар зэхекъутэ. Абы ерагъыу кьела лІыхъужьыр хьтІыгу нэщІым къыщІохутэ, Мадагаскар и ищхъэрабгъу лъэныкъуэм хуэзэу. Иджыпей картэмкІэ ар Сейшелы хьтІыгухэм ящщІ зыщІ.

Романым къызэрыщІэгъэзгъэуам хуэдэу, а щІэзыпІэм цІыху нэмысауэ щІыттэкъым: 1498 гъэм европей хызекІуэхэм ящщІу а щІыпІэм япэу щеувэхат Португалием икІыу Индием нэс хы гъэзгур пхъэшша Васкэ да Гамэ. Африкэ щІыналъэм и Іуфэм бгъурыту, Мадагаскар хьтІыгур къызэринкІыу, Мозамбик, Момбасэ къалэхэм ятеу ІущІар аращ. Иужьк Іэ Африкэм ихъуреягъкІэ абы кхъызэрыпикІухьа лъагъуэм тету Португалием и адрей хызекІуэхэми ар гъэзгу яхуэхъуащ икІи а щІынальэм щыпсэуэхэм сату дащІу щІадзащ. Аращ тхьапъэр зытхам и лІыхъужьыр зригъэтІысха кхъухьри а къэралым ейуэ къыщІыхигъэщар.

1869 гъэм, Суэцкэ псыдзжьипІэр щацхуам, Индийскэ хышхуэмкІэ кІуэцІрыкІыРт Европэмрэ Азиемрэ зэпызыщІэ, кхъухьхэр куэду зытет гъэзгу. Абы и фІыгъэкІэ, лІыхъужьым и закъуэ дыдэу хьтІыгум зэман кІыхь щигъэкІуэн хуей мыхъуу, а щІыпІэ нэщІым есылІащ Голландием и кхъухь. ЛІыхъужьым Іэмал кхъухькъэкІат и хэкум игъэзэжьну, ауэ гъащІэм и щэху куэдым хэгъуэза хьуа цІыхум и тхыгъэхэр капитаным иретри, езыр хьтІыгум кьонэ.

Хэт и сабийгъуэм димыхьэхар Дефо Даниель и «Робинзон Крузо» романым? ХызекІуэ жьжьэхэмрэ абыхэм щыгъуэща лІыхъужьхэмрэ ятеухуа литературэ гъэпсыкІэм «робинзонизмэ» жиІэу фІэзыщыгъари арат. ТхакІуэм и гукъыдэжьр апхуэдэ тхыгъэхэм кхъухьзэгъэшар зыри зыщымыпсэу хы Хуэмым и хьитІыгуэхэм ящщІ зым (Хуан-Фернандес, Чилим километр 640-кІэ ПэжьжьащІ) ксинэу, абы илъэсиплІым нэскІэ щыпсэн хуей хьуа Селкиркэ Александр хьдзэлІырт. Дефо и тхылъыр щитхым и Робинзоныр Америкэ Ипщэм щыІэ Ориноко-кэ псы кхъухьжьпІэм пыІуха хьтІыгуу къигъэлъэгъуащ - художественнэ тхыгъэу щыщытКІэ, Іуэхугъуэ щхьэхуэхэр мащІэу ихъуэжащ. Пэжыр къатщтэмэ, а щІыпІэм Европэм и щыхуэр 1498 гъэм ихьакІэт - Колумб Христофор и ещанэ хызекІуэт.

1857 гъэм дунейм кхъутехьащ шотланд тхакІуэ Баллантайн Роберт «Кораллхэм я хьтІыгу» зыфІищар икІи дэнэжи зэуэ щызэлъащІысар. Инджылызым и ныбжьыщІиш зэрыс кхъухьыр хьэлэбэлыкъым хохуэри, Полинезием и хьтІыгу нэщІхэм ящщІ зым къыщохутэ. Къахуиухам фІэкІыпІэ зэримыІэр хьэкъ ящыхуа нэужь, ахэр зэрыпсэуным иужь йохьэ: зыщІэсын унэ ящІ, а щІыпІэм щыпсэу псэущхьэхэм ещанІуэу щІадзэ, толькъун домбей жьтІыгум кьеуэхэм зэрызыщІахьумэн Іэмалхэр къатІуэт. А щІыпІэм иужькІэ къесылІа хы хъунщІакІуэхэм ятокІуэри, абыхэм къытраха кхъухьым ису я лъахэм мэкІуэж. Мыбдежри аращ - а щІынальэр 1521 гъэм, тхылъыр ятхын ипэкІэ, кьигъуэтауэ щытащ Испан коронэм кхъулькъу хуэзыщІэ португал Магеллан Фернан.

Робинзонхэм ятеухуа тхылъих и Іэдакъэм къыщІэкІащ Жюль Верн. Абыхэм ящыщ зыщ «Капитан Грант и бынхэр» зыфІища, куэдым щІаджыкІар икІи фильм къызытращІыкІыжар. Романым хэт лІыхъужьхэр хьэлэбэлыкъ куэдым пхыкІа, куэди яфІэкІуэда нэужь, Грант Гарри къыщагъуэт хы Хуэмым и хьитІыгухэм ящыщ зым, европей картэ къызэщатам фІэщыгъэитКІэ, (Табор, Мария-Терезия) къыщыгъэльэгъуаем. Жюль Верн а хьитІыгур кьигупсысакъым. Ар картэхэм илъэсищэм нэсауэ итт. «Мария-Терезия» кхъухьым ису 1843 гъэм ар ятеу кьигъуэтат Америкэм и Массачусетс штатым щыщ, джей къэзыукІ кхъухьым и капитан Табер Асаф (Табор). ЛІыхъужьхэм Грант кърагъэла нэужь а хьитІыгум къыщІэкІ абы и блигущІэту щыта икІи и капитаным епцІыжар. Ари иужьым Америкэм и колонистхэм кърагъэл. Мис апхуэдэ кІэухэр Жюль Верн езым къыбгъэдэкІа гупсысэт.

Ары Хуэмым хэт а щІы кІапэм илъэсипщІ зыбжанэкІэ цІыхур емыкІуалІэу екІуэкІащ, тхакІуэм и тхылъитІми къыщигъэсэбэпа пэтми. 1957 гъэм абы и лІыхъужьхэр ежьа экспедицэм а щІынэм зыри къыщагъэтакъым, уеблэмэ, щІэтІысыкІа я гугъэу океанографэм хы щІагъэм къыщалъхьуа пэтми. Абы и къэлъхьуэным 70 гъэхэм пащащ Новэ Зеландием и щІэныгъэлІхэм. А зэманым Іуэхум хэта геологэм къагурыІуащ хьтІыгур щІамыгъэтым и щхьэусыгъуэр: Табор хьтІыгур пемзэ пкъыгъэ защІэрэ вулканэм хъелкиха яжьэу зэхэпт. Апхуэдэкъэ жыгыщхьэм хуэдэу езы вулканэм тохьых, мафІэр къапихрэ ужьыхьжу, ауэ гува-щІэхами кхъыІэрохури, езыр-езыру хы щІыІум тохьэж, мащІэ-мащІэурэ зэкІэрылъэлъэжьыху. Мария-Терезами къыщыщІар арат.

Стивенсон Роберт «ХъугъуэфІыгъуэхэм я хьтІыгу» зыфІищар щІэзымыджыкІарэ абы къытращыкІа фильмым емыпІарэ къэгъуэгурыІуейщ.

Абы и лІыхъужь Хокинс Джим Скелет хьтІыгур здэщыІэр щхъуу иІыгщ, абы хъугъуэфІыгъуэщхъэзэр зэрыщащІэтІылъам кхъухьІыц. Стивенсон пыІэ хущхьэрызыхьхэр йожьэ, езыхэм яІыгъ картэр я гъуаэзу, тхакІуэм и тхыгъэм хэзкІуэн хьтІыгу кьалъыхьуэн мурад яІэу. Ахэр къыщІэзтеуныІащ Хувентуд - 1978 гъэм ипэкІэ абы зэрреджэу щытар Пиносц, километр 50-кІэ Кубэм пэжьжьэщ, 1494 гъэм ара ятеу кхъэзІуэзыхар Колумбт. АрщхьакІэ ар зыми кьагъэсэбэпын хуей хьуакъым. XVII - XVIII лІэщІыгъуэхэм ар хым тет хъунщІакІуэхэм кхъухьэувыпІэу кьагъэсэбэпащ. Зэрытлъагъуэм, хыхьуэхэм къыщагъэт ятеухуа литературэ гъэпсыкІэр гъащІэм лъэ быдзкІэ щыуныху.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и художник, «Институт культурного наследия и развития» лъэпкъ щэнхабзэ центрым и къызэгъэпэщакІуэ икІи и унафэщІ Сэраліп Мадинэ и арт-центрым щагъэлъагъуэ «Калмыцкая аристократия в объективе Татьяны Милованової» выставкэр. Ар щыщщІ Къалмыкъым гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, а республикэм Фэилъхьэгъуэхэмрэ пластикэмкІэ и театрым и художественнэ унафэщІ Милованової Татьянэ и «Калмыцкая степь» проектым.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр



Къалмыкъхэмрэ адыгэхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ хагъэхьащ къалмыкъхэм я щэнхабзэм, тхыдэм епха щыгъэныгъуэхэр. Къалмыкъхэм я теплъэхэмрэ фэилъхьэгъэхэмрэ ятеухуа литературэ гъэзгъэныгъэм щІадзапІэ хуэхъуар Милованової я тхыдэм, лъэпкъым и гъащІэм мыхьэнэ ин щызиІэ цІыхухэм я тхыгъэхэр, архив дэфтэрхэр кууэ зэриджарыр. Ар ящыщщ къалмыкъхэм я лъэпкъ фащэм и махуэр къыхэзылъхьахэм.

Сэралъп Мадинэ жиІащ дэтхэнэ зы лъэпкъми и фащэр зэрыфІэгъэщІэгъуэныр, ахэр зэригъапщэуэ зэрызэщхьэщыщыкІымрэ зэщхьэхяхэлымрэ зэрыгъэхуэныгъэ, ахэрэ зэзыхьэ лъэпкъэхэмрэ абыхэм я зэхуэдэныгъэхэмрэ ятеухуа куэд гурыІуэгъуэ зэрыщІыхьу, тхыдэ, щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэм къэхутэныгъэщІэхэм уэзрыхуаизэр.

Къалмыкъ къэрал университетым и доцент, филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат Бембеев Евгений къытеувыІащ къалмыкъхэм, адыгэхэм, урысхэм я тхыдэ зэхуэцытыкІэхэм:

- 1644 гъэм къалмыкъхэм Тэрчыпсыр зэпаупщІри, Къэбэрдейм и Іэгъуэблагъэм къыхьащ. ЯпэщІыкІэ лъэпкъитІыр зауэ ІуэхукІэ зэпэщІэуваш. Урысейр къалмыкъхэм я телъхэ хуауэ, Астрэхъэнрэ Донрэ я зэхуакум къалмыкъхэр щытІысыныр фІэкъабыльти. Урысейм къулыкъу щызыщІэ адыгэпщхэм (Черкасскэхэ Григорийрэ Къасболэтрэ) хэлъхьэныгъэ ин хуащІу кьекІуэкІащ къалмыкъхэм зэрыщхьэхуэ я зэхуцытыкІэхэм, - жиІащ Бембеевым. – Тхыдэ къэхъугъэ куэдым здэдзэтащ. Ди зэпыщІэныгъэхэр куущ, дызэгъунэгъущ, ауэ зым теухуауэ адрейм тщІэр мащІэщ. Адыгэ псалъэ, унэцІэ куэдым къалмыкъ лъабжьэ яІэщ. Апхуэдэу къалмыкъхэми «адыгэ бгырыпхэ» яІэщ. Совет зэманым ди щыналъэхэр, цІыхухэр зэпащІащ ди усакІуэшхуэхэу Кугультинов Давид, КІыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсин сымэ яку дэлъа зэныбжьэгъугъэм.

Милованової Татьянэ къыхигъэщащ я лъэпкъ тхыдэмрэ фащэмрэ еджакІуэхэр, щыналъэм зыгъэпсэсхуакІуэ къакІуэхэр хигъэгъуэзэну зэрыщІэхъуэпсыр, сурэтым къытещІэр тыншу псоми гурыІуэгъуэ зэращыхьыр. Ар выставкэм хагъэхьа лэжьыгъэхэм, лъэпкъ фащэхэм щхьэхуэу ятепсэлъыхьащ.

- Ди лъэпкъым тхыдэ гъуэгуанэ гугъу къикІуащ. ЗыхуэзэфІэкІ унагъуэхэм кхъыхэкІа хъыджэбз цІыкІуэхэр Смольнэ, Екатерининскэ институтхэм щеджащ. Унагъуэ Іуэхухэм кьадэкІуэу, дыщэидзэми, акъылыфІагъэ джэгуэхэми ахэр щыгъуаэзт. Я щІыналъэм къагъэзэжа нэужь, абыхэм школхэр къыхэзІуахьыр, я лъэпкъагъуэхэм щІэныгъэ иратырт. БлэкІа лІэщІыгъуэм и 20 гъэхэм яныныкъуэхэр я щІыналъэм ирагъэлэпхъэкІащ, ауэ къалмыкъхэм я зыужьныгъэ, нэгъуэщІ лъапкъхэм яхэмышыпсыхьэныным, псапэ Іуэхум хэлъхьэныгъэ хуащІащ, - жиІащ Милованової. – Зэгъунэгъуэ псэу лъэпкъхэм зым я щэнхабзэм щыщ гъэрхэр адрейхэм къыззращтэр къэдгъэлъэгъуэну мурад тщІащ. Ди къэхутэныгъэхэм кърикІуахэр гъащІэгъуэм тщыхьащ. Къалмыкъхэмрэ адыгэхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр жьжьэ къыщожьэ. Мы лъэпкъитІым къахэкІахэм ящыщу унагъуэ зэдзэныхуэхэр мащІэкъым. Къэбэгъэлъагъуэмэ, Къалмыкъыпщ цІэрыІуэ Аюкэ-хъан щхьэгъусэ хуэхъащ Черкасскэ Мудцал ипхъу Абейхъан. Апхуэдэу Дондок-Омбэ хъаным щхьэгъусэу кьишащ ХьэтІохъущокъуэ Кургуюокъуэ ипхъу Жэнэт. Щэнхабзэ и лъэныкъуэкІи лъапкъитІыр зэрызэхуэкІар гъэщІэгъуэнущ. ИщхьакІэ зи гугъу щытщІа Жэнэт Къалмыкъым щащэм абы и гъусащ дыщэидзэм хуэІэзэ цІыхуб Іэпщ Іэлъапщ Іэхэр. Дыщэ, дыжьын Іуданэкі э хэдыкІа адыгэ бзылъхугъэ пыІэр, адыгэ дыжьын бгырыпхэр – ахэр адыгэхэм Къалмыкъым къыздахьауэ къыщІэкІынущ, дыщэидзэм монгол лъэпкъэхэр, къалмыкъхэр зэрыхуэхамэр къэплъытэмэ. Адыгэ бгырыпхэр зезыхьэ дзытэнэри абы иригушхуэрт. Ар архиным къыхэна суратэкми къыщыгъэльэгъуащ.

Радиожурналист, зэдзэкІакІуэ Мэремкъуэ Ларисэ къыхигъэщащ Сэралъп Мадинэ лъэпкъ фащэхэр ид къудей мыкъуу, абыхэм я тхыдэр зэриджэр, ар ІэщІагъэ псо зэрырикъур. Милованової и лэжьыгъэри абы хуэдэ дыдэу зэрыщытыр. Мэремкъуэм фІыщІэ яхуищІащ Іэзку дахэр къыхэзылъхьахэм.

Къалмыкъ лъэпкъ телевиденэм я редактор, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт Цаган Муневенэ и псалъэм къыхигъэщащ выставкэр кьалэ зыбжанэм зэрыщагъэльэгъуар.

Выставкэмрэ абы хыхьэу кьызэрагъэпэща зэІущІэмрэ хэтащ Къалмыкъым къикІа хьэщІэхэр, тхыдэджэхэр, дизайнерхэр, журналистхэр. Зэхыхьэр ягъэдахащ Къалмыкъ Республикэм щыІэ зиІэ и артист, Кавказ ИщхьэрэФипармонием, Сафонов Василий и цІэр зезыхьэм, и уэрэджьІакІуэ Ходжигиров Михаилрэ а филармонием и артистхэр Алтуховэ Юлэрэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм зыщыгъэпІыхьыныгъэм иджыри Іэмал фиІэщ, щыщхьэуІум и 5 пщІондэ ар лэжьэнущ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Зи усэхэр щIэщыгъуэ

*Iэпщэ Анзор Хьэтlохъущыкъуей Ищхъэрэ къуажэм щыщы. Щlалэм Налшык гъэздэжэмкlэ институтым хэт колледжым макъамэр щедж, пшынаужэ, зэрыщыкlыуэ абы зыхуеГъасэ. Анзор адыгэ литературэм усэкlэ къыхъыбгъащlэжэм ящыщы, и хьэтlыр щlэщыгъэщ. Илъэс зыбжанэ хъуаУэ аращ тхэн зэрыщlидзэрэ, ауэ и Iэдакъэм къыщlэкlхэм акъыл яхэлъщ. Усыгъэр и гум къыззрихьэрэ зыкъом щlауэ къыщlэкlынчэ - итхэхэм хьболъагъуэ куэдрэ тlыгъуэ гупсысхэр. Абыхэм яхэлъщ къаБзагъэ, лIыгъэ, цIыхугъэ, Хэку лъагъуныгъэ, гухэлъ, дунейтекlэ, щIыуэпсым хуэщlыпхъэ пщlэ. Усакlуэ ныбжьыщlэм и гум къыдрихьейхэр псалъэ къыхэщlыпкlакlэ кьегъэлъэгъуэфэ. Гъэщlагъуэнэ зэкъууанэ гупсысэхэр, усэ лIыхъжьыкъэм якlэритлъхьэ щынхэм уакъэу. Псалъэ щхьэхуэм зы усэм апхуэдизу мыхьанэ щегъуэгри, сатыру хъуам яхэлъ купщlэм абы къикlыкlыу къыпфIощI. Ныбжьыщlэр адыгэ къуажэ къыззыдэкlар, анэдэлъхубзэ къулей зэрыурыпъыр, щIыуэпс дахэм езым и хьэл-щынагъэ зэрипсыхьар и усыгъэм хьболъагъуэ. Удз гъэГар, бзу цIыкlыр, мазэр, вагъуэхэр, уафэ кьабзэр, псыежжыр усакlуэм и сатырхэм къыщlыхьхьэкlэ, уехъуапсэрэ зыхуэпшийуэ зы дуней дахэ укъыхохуэ. Усэхэм яхэтщ угапагъэмрэ щабагъэмрэ зыгъэпытlэкэр. Iэпщэр тотхыхь зэрысабийрэ и Iэпэгъу щынхэм - абы къиргъэжI макъамэм цIыхупсэр зэрригъэпlетейм хуэдэу, усэу и гъэпса нэужьи, уегъэхъуапсэ, гукъыдэж къует. Усэхэм яхэтщ уэрэду игъэпсаи. Ныбжьыщlэм и гухэлъ усэхэр кьабзэщ. Ар зыхэзыщlэ щlэджжыкlакlуэр зэм нэщхьейщ, зэм дамэ къытокlэ, зэм къарУ къыхохьэ.

Iэпщэ Анзор усэныр къохъулIэ. И усэхэр езым и гупсысэкlэм, и акъыл жаным, и зэхэщlыкlым, и хъуэпсапlэхэм яхуэфэщэжщ. Зыдихьэхэм, зытетхыхьым, зыхуеджэм теуХуауэ и гупсысэкр къыкlэрlэпъэгъуэ тхыгъэ ди газетым и зы къыдэкlыгъуэм тетащ. *Зи гурыщlэхэр усэ сатырхэм дахэу къизыгъэзагъэ ныбжьыщlэм иужьу итха усэхэм щыщ къытыдодзэ.*

ГУГЪУЭТ Заремэ.

* * *

Уафэм мафIэ плъыфэу
Фащэ щитlэгъауэ,
Гъатхэр гъагъэу щикIым,
КIасэу уэшх хэшхауэ,

Уфэфэжу пшагъэр
Жьапщэм дэджэрэзу,
Уи щхьэр дзунэзэу,
Зэми зумыщlэжу.

Псы къыпIыхуу къелъэм
Щапхъэ къытырихыу,
Пшэми уафэ щIагъым
Тхыпхъэ щыэзхилъхьэу.

Дауэ сытетхыхьми,
Нэм ямылъэгъуамэ,
А дахагъэ псори
Уи фIэщ хъункъым, ауэ

Щlыщыи хэкlыпIэ,
ПIалъэ хъыумыгъэкIыу,
Хьэтlохъущыкъуей жылэм
Къеблагъэ гъатхэкlэу!
01.06.2024.

* * *

Гъэхэр тхыдэм хжабзэ,
Гъатхэр си гум имыкI.
Жану слъами си шабзэр,
Уи гу щабэм пхымыкI...
03.02.2024.

* * *

Сыхуэмейурэ
фIыуэ усыбэгъуащ,
Сыхуэмыхъуу
гур текIуащ акъылым.
Мы си гъашIэм
IэфIыпс гуэр хэппхъащ,
Укъыщыунэхури
си псэ мылым.

Си нэсыпIэ уэрауи
къысщыхъукъым,
Щхьэм ар ещIэ,
къеныкъуэкъуми гур,
Ауэ а ныкъуакъуэр
мычэнджащэ,
Пхуащlу пIагъуныгъэ уэ,
ХуэпIащlэу ...
30.03.2023.

* * *

Иджы уи теплъэр слъагъужащ.
Тхьэмпэ гъужахэм сапхрыкIыу,
Си пащхьэ уэ укъихутащ,
СфIэщIащ сыхэту псысэ.

Иджы мы си гур псэхужащ,
Уэ укъилъагъури асыхьэтым.
Мы си Iэплъэпкъыр Iэнкун хъуащ,
Зыкъимыщlэжурэ мы си щхьэм.

Апхуэдэкъабзэу бзэхьыжащ,
Уи теплъэр хыхьэжащи пшагъуэм.
Аргуэру щыму сыкъэнащ,
Аргуэру схужыIакъым псалъэ.

ЗимыгъэщlаУэ си псэм уэркlэ,
Жьы хуримыкъуу къэбгъэнащ,
Тхьэмпэ гъужахэм сапхрыкIыу,
Си лъагъуныгъэр лъэлъэжащ...
06.11.2023.

* * *

Дегъэдаlуэ даущым зэгъусэу,
Гъусэу щыIэм уакъыхьэхэх.
Дегъэдаlуэ даущым и усэм.
Сэ а усэм ущие хьэхх...
14.01.2024.

* * *

Зы дуней сопщlыхьыр жэщкIэ,
Си гурыIуэхэр къыщыгъэгъэ.
Уи пщэдейм упэлпъэ щхьэкIэ,
Нобэр блумыгъэкI мыгъагъэу.

Блумыгъэкl мыгъагъэу гъатхэр,
Бжьыхьи пщlыхьи блумыгъэкl.
Сэ щlымахуэми си гъащlэр
Гъагъэ защlэу изохьэкl.
11.04.2024.

* * *

ФIэрафIэ защlэу щlэгъэпщкIуар
КIуэщlыж си лъэпкъым и къамылым
Къриш пшыналъэм пхыпIъэфа,
Бзэ къабзэ, си псэр зыгъэтхытхым

И тхыпхъэщlыпхъэм хэджэгухь,
Си джэгуи уджи хъуа лейзехьэ,
А зи дыгъуасэр зыкъузыж
Нобэрей щlэблэ утыку къикхьэм,

Си ныбжьми сеплъым си дзэр мэш,
Щэ фIыщlэ гуащlэу си гум хохьэ,
Абы зэрахьэм сыхэплъэху,
Хуэлэ мы си псэм пшагъуэ тохьэ...
13.02.2024.

* * *

Си унэжьыр къэхуапсэу,
Си унэщlэр згъэлъапIэу,
ЗыгъэлъапIэу сахэплъэу,
ПлъапIэ псоми сахуэхъу.
Хъуэхъу си пщlантIэ дэмыту,
Сэ сыкъафэу сытету,
Хьэщlэщ хамэ згъэунэу,
Хамэ унэ щырашэу.
Зи унафэр бзыпхъугъэу,
Нэхъыжьыфlым и жагъуэу.
Си Хабзэжьым себакъуэу
Сэ къысхуихуэмэ гъащlэ,
Сэ Адыгэ сриКъуэу
ЖысIэжьинкъым зызгъэлIу...
18.01.2024.

* * *

Къыщlэплъи си нэм, уи псэр
сыгъэлъагъу.
Лъагъуэ зырызым тетми ди гъащlэр,
Щlэращlэщ сэркlэ, уэ ущызолъагъури,
Дунейр чэзумэ, ари мэхъу зы гъащlэ.

Си тхыпхъэм зэт хъыринэм ущокей,
Си жейр къыстепхри,
сыпщlыгъупщжауэ.
Сэ уафэм уэ сыпIуплъэу сыдоплъей,
Къэлъеймэ вагъуэ
уи фэеплъ сщыхъуауэ.
26.06.2024.

* * *

Къысхуокlуэ пщlыхькlэ
куэдрэ, сыкъэщтэжу,
А уи нэхэр - дунейр зыщlэсслъэгъуар.
Зыкъомрэ сыIэнкунщ,
зыкъэзмыщlэжу,
А нэ дахитIырщ сызытекIуэдар.
Нэхуэнэр нэгу щlэмыкIыу
нэху къыстощхьэ,
Дыгъэпсыр уи данэпсым
къыщыкъуокI.
АмкIыщ уэрэдщи, си гухэлъыр уощlэ,
Нэхущым къиIущащым къыщlэуэ,
Аращ си лъагъуныгъэр зыхэпхъаригъ,
Дапхуэдэущыми уи псэм нэсхьэсынщ.
Ерыщхэм я гухэлъхэр ямыIуатэ,
ЖамыIэу псалъэ, уэрэд пхуауасынщ.
11.07.2024.

* * *

Махуэгъэпс псэхужу къожьэу,
Жьапщэ щlыIэм ущихъумэу,
Лъэрыгъыпс къуидзауэ пфIэщIу,
Акъужь щабэ пхуигъэтIыгъэу,
Уэ хэщlапIэ уиIэщ гъащlэм
Ущыгъагъэу, гугъэ щыпщlу,
Махуагъэпсым дыгъэ тепсэу
ЗылъэгъуарщI илъэфыр гущlэм.
Гъатхэпэ, 2024 гъэ.

* * *

Си насыпым сыхуэмейуэ аркъым,
Ауэ си гупсысэм щlэщхъу къыхоц:
Уэ къыхьхьэм уэ пщэдей си гъащlэм
Лъагъуныгъэм сисыжьну сфIощI.

Жьыжьэу сыпщlэхъуэпсым
нэхъ къызощтэ,
Сыкъыумыщlэу сыпкIэлъыплъ
зэпытщ,
Пыт къудейуэ щытми сэ мы си псэр,
Уи зы плъэгъуэр псэхэлъхьэж
хуэхъунщ.

СфIощI си лъагъуэм и
гъуэгуанэр жьыжь,
Ауэ ноби гъащlэм дерс хэсхащ.
«Хъуамэ уи насыпым ущышынэ,
А нэ дахэр уи къэшэнраш».
05.06.2024.

* * *

Сыноплъ къудейуэ зы
гъащlитI сыхуейщ,
Сыноугупсыс зы дуней сымыдэ.
Уэрэду згъэпсыр дыгъэпс
гуащlэм ейщ,
Узищхьэгъусэу сыхуейщ гъэдэщlыдэ.
08.07.2024.

ГУГЪУЭТ Синэ.

Замыгъэпсэхуамэ нэхъыфIт

● Футбол

«Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:1 (1:0). Ставрополь. «Динамо» стадион. Бадзэуэгъуэм и 27-м. ЦIыху 930-рэ ельъащ.

Судьяхэр: Лацвиев (Шахты), Ежак, Козленкэ (тIури Сочэ щыщщ).

«Динамо-Ставрополь»: Матюшэ, Кокоев, Алибеков, Ярцев, ХъуакIуэ (Магомедов, 69), Болгов, Дзхъу, Маншэжь, Степанович, Зароченцев, Абдулхамидов (Василенкэ, 90+3).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Лелюкаев, Къардэн, Молэмусэ, КIэдакIуэй, Блий (Мэкъуауэ, 71), Жангуразов (Гъэгурэокъуэ, 64), ХьэцIыкIу (Сабанщ, 86), Хьэшыр, Мэшыкъуэ, ЛIуп (Черкесов, 85).

Топхэр дагъэкIащ: ЛIупым, 35 (0:1). Зароченцевым, 51 (1:1). Абдулхамидовым, 78 (2:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Болговым, Жангуразовым, Абдулхамидовым, КIуумыкъым, Мэкъуауэм.

Джэгум къыхахауащ: Битокъур («Спартак-Налшык» и тренер нэхъыщхьэр).

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и ЯпэгупымкIэ гъэм щекIуэкI зэхъэзэхуэр щабэт кIуам зэхаублэжащ. БлэкIа тхьэмадэхуищым кIуибыдэу команд дэхэм Iэмал яIащ мащIэу загъэпсэхуу, зэпеуэм и етIуанэ Iыхьэм зыхуагъэхьэзырыну. Уеблэмэ, «Спартак-Налшыкымрэ» «Ангушт»-мрэ зэныбжьэгъуГъэ зэIущIэ ирагъэкIуэкIыну яхуэзэфIэкIащ. Ар зэрытемыгъэкIуауэ, 1:1-уэ, ихакIащ, ауэ нэхъыщхьэрати, адэжкIэ нэхъ зыIыпIатпхъэхэр ялъэгъуащ.

ДысызыгъуфIахэм ящыщщ «Спартак-Налшыкым» и гуащхьэуэ нэхъыфIхэм ящыщ Мэшыкъуэ Хьэчим къызэригъэзэжар. Абы и къару илъыгъэщ, и зэфIэкIри лъагэщ икIи шэч кьытетхъэркъым ди командэм адэкIи сэбэп зэрыхуэхъунум.

«Спартак-Налшыкым» я щыщынэмщыщ, етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым ди лъэпкъэгъу нэхъыщхьэ зыхэтхэм ящыщ «Динамо»-м Ставрополь щыдрагъэкIуэкIэ зэIущIэр КъэбэрдейБалъкъэрым икIахэм икъуэкIэ жьыджэру ирагъэжьащ. Хэгъэрейхэр абыхэм зыкIи кьапэлъэщыргэкъым икIи гъэзэжьуэр трагъэкIуэтэкъым. Нэрылъагъуэ налшыкдэсхэр текIуэныгъэм зэрыхуэпабгъэр. Абы папщIэ я къару псори джэгум халъхьэрт. Ар пщIэншэ хъуакъым: 35-нэ дакъикъэм ЛIуп Ислъам хьэщIэхэр ирагъэщащ.

Ягугъэ хъунут налшыкдэсхэм я насып къикIыну икIи текIуэныгъэр зыIэрэ гъэзэныкIэ зыри зэран кьахуэмыхъуфынэу. Арщхьэкlэ загъэпсэхуу къихьэжа иужькlэ къыпхуэмыщIыхужыну джэгум зихъэжащ. Шакъ Азэмэт зи тренер нэхъыщхьэ «Динамо-Ставрополь»-м и футболистхэм «мафIэр кьаIуэрылъэлъэу» зэIущIэр ирагъэжьащ. Гурыщlэгъуэт абыхэм псалъэмакъ гъащIэ зэрырдагъэкIуэкIар.

Налшыкдэсхэр апхуэдэ щытыкIэм хуэмыхьэзыырщIу къыщIэкIащ. ИкIи, джэгур зэрызэхуаблэжрэ дакъикъитху-кьы дэкIауэ арат, бжьыгъэр зэхуэдэ щыхъужам.

Абы игъэгушхуэ хэгъэрейхэм кIуэ пэтми нэхъ щIэхъуабжьэрт. Псом хуэмыдэу жьыджэрт абыхэм яхэт адыгэ щIалэхэу ДэхъуИслъамрэ Машэжь Ратмиррэ. А тIури «Спартак-Налшыкым» нэхъапэм щыджэгуат икIи къызэрыпэщIэтыгьыну щIыкIэр фIы дыдэу ящIэрт. Зы тэлай дэкIри, «Динамо-Ставрополь»-р япэ ищащ.

Джэгум зригъэгъэзэн и гугъэу налшыкдэсхэм я тренер нэхъыщхьэ Битокъу Тимур и ебгъэрыкIуэныгъэ гупым зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьащ, ешауэ кьиупыта ЛIупымрэ ХьэцIыкIымрэ япIэкIэ нэхъ щIалэIуэ Сэбанщымрэ Черкесовымрэ кьритхъэзэри. Арщхьэкlэ абыи зыри кьикIакъым - «Спартак-Налшыкыр» зэхьэзэхуэм и етIуанэ кьекIуэкIыгъуэм и пэщIэдзэ джэгуГъэзэгъуэр трагъэкIуэтащ.

Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я командэ нэхъыщхьэхэм зыгъэпсэхуГъуэ лъэхъэнэр нэхъ къаГъэсэбэпащ. Абыхэм яхуэзэфIэкIащ турнир таблицэм щыпашэхэр хагъэщIэн. Апхуэдэу Мейкъуапэ и «Дружба»-р Дон Iус Ростов щыIэу бжьыпIэр зыIыпIым 1:0-у ефIэкIащ икIи ещанэ увыпIэм нэс кьригъэкIуэтэхащ, Черкесск къыщIригъэблэгъа «Астрахань»-м «Нарт»-р 2:0-у текIуэри, ари япэ кьищащ.

Иджы щыгъуазэ фыкудощI Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым а махуэм щекIуэкIа адрей зэIущIэхэм кьарикIуа Бжьгъэжьам. Мис ахэр: **«Ростов-2»** (Дон Iус Ростов) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **0:1**, **«Динамо-2»** (Мэхъачкьалэ) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **0:0**, **«Нарт»** (Черкесск) - **«Астрахань»** (Астрахань) - **2:0**, **«Форте»** (Таганрог) - **«Алания-2»** (Владикавказ) - **6:0**, **«Строитель»** (Каменск-Шахтинский) - **«Рубин»** (Ялтэ) - **1:1**, **«Кубань-Холдинг»** (Павловская) - **«Легион»** (Мэхъэчкьалэ) - **0:1**, **«Победа»** (Хасавюрт) - **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **3:0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгуГъуэр зыщщхьэуIум и 3-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» кьригъэблэгъэнущ Хасавюрт и «Победа»-р.

ХьэТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Форте»	**16**	**10**	**3**	**3**	**32-14**	**33**
2. «Легион»	**17**	**10**	**3**	**4**	**27-10**	**33**
3. «Ростов-2»	17	10	2	5	37-18	32
4. «Динамо-Ставрополь»	17	8	6	3	25-17	30
5. «Астрахань»	16	9	3	4	21-14	30
6. «Рубин»	17	8	3	6	19-16	27
7. «Севастополь»	15	7	5	3	19-9	26
8. «Строитель»	17	7	5	5	22-20	26
9. «Ангушт»	17	5	8	4	15-12	23
10. «Нарт»	17	6	4	7	18-26	22
11. «Спартак-Налшык»	**17**	**5**	**5**	**7**	**25-23**	**20**
12. «Кубань Холдинг»	17	5	4	8	17-21	19
13. «Биолог-Новокубанск»	17	5	4	8	23-28	19
14. «Дружба»	16	5	2	9	17-23	17
15. «Победа»	17	3	7	7	21-27	16
16. «Алания-2»	17	3	3	11	14-46	12
17. «Динамо-2»	**17**	**1**	**3**	**13**	**10-38**	**6**

● Шахматхэр

Псынщlэрыджэгуэм я зэпеуэ

Шахматхэм я махуэм ирихьэлIэу Налшык щекIуэкIа блиц-зэпеуэм цIыху 68-рэ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ псоми къикIауэ.

ПСЫНЩIЭРЫДЖЭГУХЭМ я зэхьэзэхуэм пашэныгъэр хъущихьащ Козак Александр. Абы зы мащIэкIэ къыкIэрыхуащ Текуев Амир. Ещанэ увыпIэр иубыдащ Джэдгъэф Чэмал. КъыщIынэмыщIауэ, саугъэт щхьэхуэхэр хуагъэфэщащ джэгукIэфI къэзыгъэлъэгъуэ Нартокъуэ Вячеслав, Токъуий Валерэ, Алиев Умахан, ЩыхьмырзэФатIимэ, Джэрыдж Мухьэрбий сымэ.

МЗЭКУУ Къан.

«Адыгэ псалъэ» газетым къикIуа илъэсищэ гъэуэгуанэм хуигъэфэщащ ТхьэкIуачъуэ Iэуес иджыблагъэ къыдигъэкIа «Газета «Адыгэ псалъэ» в предметах коллекционирования» тхылъ цIыкIыр.

КЪЫБЖАIЭЖ нэхъри, уи нэм илъагъум хуэдэ щыIэкъым. Брошюрэм и жинтымрэ и щIыбагъымрэ Iэмал кьыуат ди газетым дунейм къыщыдтехьа 1924 гъэм щегъэжьауэ нобэр кьыздэсым зэриухуэкIа тепльэхэр уи нэгум къыщIэбгъэхьэну. «1924 гъэм латинымбзэр лъабжьэу кьащтэри, адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ алыфбей хуащIауэ щытащ, - дикъыщIоджж япэ напэкIуцIым. - Тхыбзэмрэ къэралыбзэмрэ зэфIэувааУэ кьалъыта нэужь, урысыбзэкIэ къыдэкI «Къэрхьэлъэкъ» газетым иджыри лъэпкъ къудамитIхуащIащ: адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэрэ».

1931 гъэм газетым и цIэр яхуэзэ, къудамищри щхьэхуэ-щхьэхуэу ягуэш. ИУжьКIэ урысыбзэм - «Ленинский путь», адыгэбзэм - «Ленин гъуэгу», балъкъэрыбзэм - «Ленин жол» фIащ. Абы щыгъуэщ Щоджэнщ1ыкIу Алий «Къэрхьэлъкъ» газетым и тхьэусыхэ» уэ кIыхьыр итхауэ щыщытар. Ари кьыщокIуэ зи гугъэу тщIы брошюрэм: «Гуумыщащэ къуалэжьамэ, уи лэжьыгъэр уфIашхамэ, уэркIэ си бжэр зэIуахьэ!» - псалъэхэмкIэ зыхуигъазэ хуэдэщ газетым и щIэджыкIэкIуэхэм.

Ауэрэ 1934 гъэр къос. Газетыр илъэси 10 щIрикъуа гъэм хуэдамищми «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» фIащ. Аргуэру илъэси 10 докIри, 1944 гъэм, абы егъуэт «Къэбэрдей пэж» фIэщыгъэр. Зи цIэ кьитIуа газет кьыдэкIыгъуэ псоми я Iуплъапlэм и сурэтхэр итщ Тхьэкъуачъуэм кьыдигъэкIа тхылъ цIыкIум. Кьиныщlауэ, абы и напэкIуэцIхэм дащрохьэлIэ «Ленин гъуэгу» газетым къэхуагъэфэщащ щыхъэ- тхылъэкIуэ, дипломхэм я тепльэм. Щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэкIэ газетымрэ абы и редакцэмрэ къэрал саугъэткIэ кьыхагъэщащауэ щыхащ, Черкесск къыщIригъэблэгъа «Астрахань»-м «Нарт»-р 2:0-у текIуэри, ари япэ кьищащ.

Иджы щыгъуазэ фыкудощI Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым а махуэм щекIуэкIа адрей зэIущIэхэм кьарикIуа Бжьгъэжьам. Мис ахэр: **«Ростов-2»** (Дон Iус Ростов) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **0:1**, **«Динамо-2»** (Мэхъачкьалэ) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **0:0**, **«Нарт»** (Черкесск) - **«Астрахань»** (Астрахань) - **2:0**, **«Форте»** (Таганрог) - **«Алания-2»** (Владикавказ) - **6:0**, **«Строитель»** (Каменск-Шахтинский) - **«Рубин»** (Ялтэ) - **1:1**, **«Кубань-Холдинг»** (Павловская) - **«Легион»** (Мэхъэчкьалэ) - **0:1**, **«Победа»** (Хасавюрт) - **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **3:0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгуГъуэр щыщхьэуIум и 3-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» кьригъэблэгъэнущ Хасавюрт и «Победа»-р.

ХьэТАУ Ислъам.

Ди гъуэгу кIыхь хъуну

тащ 1962, 1974, 1984, 2008, 2014, 2021 гъэхэм. ГъэщIэгъуэну брошюрэм уэщIрихьэлIэ сурэтщ, езы газетым нэхъ жьыджэру кьыхуэтхэ щIэджыкIэкIуэхэм яхуигъэфащэу щыта щIыбкъ тхылъым и сурэтыр. Тхылъым Iэмал кьыуат газетым и щIыхькIэ кьыдагъэкIа конвертхэм, открыткэхэм, бгъэхэIуэхэм, кьинэмыщI фэеплъ хьэпшыпхэм яIа теплъэр зэбгъэщIэну. А псори тхыдэщ, а псори ильэпкъым кьикIуа щIэныгъэ гъуэгуанэщ, зыщыбгъэгъупщэ мыхъунущ.

Брошюрэм щыдольагъу 1991 гъэм «Адыгэ псалъэ» фIэщыгъэм хуэкIуа газетым уэсэ хуэзыгъэфэща Бозий Людмил, Iутlыж Борис, Джэдгъэф Хьусен сымэ я усэхэри. Щэрыуагъкlэ адрейхэм кьахэщ IутlыжьмкIэ и газет хъуэхъум махуэ кьэси и чэзущ:

Ди лъэпкъэгъуэдэнэ щыIэм уалъэIэсу,
Ахэр зы хьужьыным сыткIи уришхэпсу,
Уи редакцэр, мыдэ-щэ,
Акъыл хэгъэхуапIэу,
Нэмыс къигъэхуапIэу,
Хабзэ убзыхуакIуэ,
ЦIыхум я щыжакIуэ,
КъулыкъущIэхэлъ
ГутIуекъакIуэщIэплъ,
Пэжыр зи мыгъуаззм
ЩхьэкIэ къимыгъаззу.

ЛъэпкъэтхыдэмэнгъэщIэ ящIэ зыщIэхъу ди газетым кьикIуа гъуэгуанэм апхуэдэпщIэ хуэзыщIа Тхьэкъуачъуэрэ Iуэес Тхьэр арэзы кьыпхуэхуэ жьыдоIэ. «Адыгэ псалъэм» и илъэсищэм хуэгъэфэща фэеплъ хьэпшыпхэм я бжыгъэм дапэкIи кьыхэхъуэну догугъэ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Амрэлий и ехъулIэныгъэхэр

Мы гъэм курыт еджапIэр къэзыухахэм, илъэс куэд хуауэ зэрекIуэкIыу, ятащ зыуэ щыт къэрал экзаменыр. Абы къызыщIебыдэ ебланэ классым къыщыщIэдзауэ епщыкIуэнэм нэс яджахэр.

ДЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭЩИ, а экзаменхэр зэрыптым елъытащ уи нэ къызыхуикI Iэщlагъэр щызэбгъэгъэутыну еджапIэм ущIэтIысхьэфынырэ. Къэпхьа балл бжыгъэр лъагэу щытын хуейщ абы папщIэ. Къэпхьа баллыр нэхъыфIыхьу уи Iэмалри нэхъ ин мэхъу. Нэхъыбэ дыдэу ягъэувыр баллищэщ. ЗэрытщIэщи, ар си насып къихьыр мащIэщ.

Мы гъэм курыт еджапIэр къэзыухэр Щоджэн Амрэлий тхыдэмкIэ баллищэ къихьащ. Абы курыт еджапIэм и гъусэу къиухащ сабий зэчиифIэкIэр щеджэ «Дыгъафlэ къала» лицейр. Амрэлий тхыдэм и закъуэкъым дзэзыхьэр. Ар щытекIуащ ИнджылызыбзэмкIэ урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ зэпеуэм, КъБКъУ-м финанс щIэныгъэхэмкIэ, экономикэмкIэ иригъэкIуэкIа олимпиадэхэм, Урысейм географиемкIэ и зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкIа конференцыем къыщыхэжаныкIащ, хабзэм теуХуа диктантри фIыуэ къызэхъулIахэм ящыщщ, «ГТО»-м и дыщэ дамыгъэри кьыхуагъэфэщащ.

Апхуэдэ ныбжьыщIэхэр зэрыдиIэм дрогушхуэ икIи абыхэм кьэралыр, гъащIэрефIэкIуэным хлъхьэжьнигъэшхуэ хуащIыну дащогугъ.

БИЦУ Жаннэ.

Хьэпшып цIыкIухэр ящIу зрагъасэ

Налшык щыIэ ящэ модельнэ библиотекэм щекIуэкIащ тхылъымпIэ зэмыфэгъуэм теплъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхэщIыкIынэм сабийхэр щыхуагъасэ зэIущIэ.

ХьэщIэр цIыкIухэм ядэлэжьащ сабий гъэсакIуэ Абыдэ Фузэ. Къеблэгъахэм щIэщыгъуэ ящыхъащ тхылъымпIэ зэмыфэгъуэхэм ирилъхьэныр, абы теплъэ гъэщIэгъуэнхэр къыхащIыкIынырэ. Псом хуэмыдэу яГу ирихьащ тхылъдэлъхьэ зэмыфэгъуэхэр ящIынэ. Сабийхэр зыщIымыгъазэхэмкIэ гъэсакIуэм еупщIыт, езыхэр зэчэнджэщырт, зэдэIэпыкъурт, тхылъымпIэм къыхащIыкIа хьэпшыпхэр зэхуагъэщIэгъуэжырт.

Мыпхуэдэ Iэхуэгъуэм сабийхэм я гупсысэм зрегъэужь, Iэкlэ ящIэIауэ ирегъасэ, я гукъыдэжми зрегъэIэт.

ГУГЪУЭТ Синэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ШИРДИЙ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жыласэ Заурбэч (*редактор нэхъыщхьэ*), **ЖьэкIэмыихъу Маринэ** (*унафэщI-редактор*), **Къаншокъуэ Эллэ** (*жэуап зыхь секретарь*), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхугъэкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабэзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъуэм Iэнатlэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ятхащ

ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщlапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1 389
Заказыр №1599

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщlэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **ПхьитIыкI Марие** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.).*

Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.